



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 09/12/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE BENEFISYÈ PRIM POU PREZÈVASYON ISTORIK ETA NEW YORK 2016

Senk Pwojè nan Rejyon Capital, Finger Lakes, Vil New York ak Mid-Hudson Te Onore Pou Pwoteksyon ak Rajenisman Moniman Istorik yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke senk pwojè distenktif atravè eta a te resevwa Prim Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Historic Preservation Awards) 2016 pou onore ekselans nan pwoteksyon ak rajenisman moniman istorik New York yo. Pwojè ki te rekonpanse ane sa yo gen ladan yo restorasyon ak adaptasyon anga Marin Dezyèm Gè Mondyal la yo, ak yon projè pou antere rès 14 moun ki te esklav yo ki pa't make yo pou repoze an pè.

“Nan onore pase epi prezève karaktè inik kilti New York lan, pwojè sa yo ap ede revitalize kominote yo epi atire nouvo vizitè ak aktivite ekonomik,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen felisite benefisyè yo ane sa pou gwo travay yo pou kapab onore istwa rich Empire State lan epi prezève atou sa yo pou jenerasyon k'ap vini yo.”

Rose Harvey, ki se Komisè Pak Eta yo, te deklare, “Prezèvasyon istorik yo ede ankouraje envestisman ak revitalizasyon nan vil nou yo, vilaj ak vwazinaj nou yo. Prim ane sa demontre angajman ekstraòdinè yo, travay di ak patenarya solid yo ki te fè de prezèvasyon yon zouti enpòtan pou renouvèlman kominotè, devlopman ekonomik ak kwasans travay nan New York. Prim prezèvasyon istorik yo rekonèt akonplisman moun yo, òganizasyon yo, ak gouvènman yo ki te pote kontribisyon konsiderab nan jefò prezèvasyon istorik ak revitalizasyon yo atravè eta a.”

Etabli an 1980, prim prezèvasyon eta yo te bay chak ane pa Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) pou onore ekselans nan pwoteksyon ak rajenisman resous istorik ak kiltirèl New York yo. Yo te prezante prim ane sa yo nan yon seremoni ki te òganize nan Batiman Quackenbush (Quackenbush Building) nan anba lavil Troy ki te ranpòte prim, ki se lakay Tech Valley Center of Gravity—yon enkibatè biznis inovatif pou antrepriz kreyatif yo.

Benefisyè prim ane sa yo anba la:

Rejyon Capital

Pwojè Tèren Simetyè Schuyler Flatts, Menands, Vil Colonie

Sezon ete pase a, rès 14 moun ki te esklav yo te retounen antere nan Simityè St. Agnes ki nan Menands, pa lwen kote yo te dekouvri tonbo yo ki pa't make pandan yon pwojè konstwiksyon Vil Colonie an 2005. Baze sou ankèt yo, yo te detèmine ke rès yo, sis fanm, yon gason, de timoun ak senk ti bebe, te prèske date de 200 ane. Tèren kote yo te antere an te date ant 18yèm ak kòmansman 19yèm syèk yo, epi li te fè pati de yon pwopriyete ki te posede pa lafanmi Schuyler. An 2015, atis yo, travayè bwa ak etidyan yo te kreye sèkèy pou chak gwoup rès kò ki rete yo. An Jwen, yo te depoze sèkèy ki te gen rès kò yo nan eta a nan Schuyler Mansion State Historic Site ki nan Albany kòm yon pati nan yon selebrasyon pou lavi yo. Jou apre a, yo te retounen antere rès kò yo ak yon gwo seremoni a kote yon pyè tonbal ki make zòn nan. "Isit la ap repoze rès kò 14 moun ki konnen Bondye sèlman. Esklav nan lavi, yo pa esklav ankò."

Batiman Quackenbush, 30 3rd Street, Troy

Reyamenajman Batiman Quackenbush lan nan anba lavil Troy se rezilta patenarya ant Quackenbush Properties ak Tech Valley Center of Gravity, ki se yon antite inovatif san bi likratif ki ap sipòte konpayi ki fèk lanse yo, favorize kreyasyon travay, epi ankouraje devlopman ekonomik. Batiman Quackenbush lan ki te konstwi an 1857, li te sèvi kòm yon magazen pwodwi seche jiska ane 1937, epi apre sa li te resevwa biznis lokal yo jiska ane 2001. Pwojè reyamenajman \$7.4 milyon an te sove epi transfòme batiman ki te vakan epi ki te deteryore an pou vinn tounen yon konplèks devlopman biznis inovatif ki te pote nouvo lavi nan moniman lokal sa menm jan ak nan zòn avwazinant yo.

Paul Tonko, ki se Manm Kongrè, te deklare, "Istwa rich New York lan favorize ekonomi nou an, li ankouraje travay, epi prezève kilti dinamik ak leson istwa jenerasyon anvan yo pou jenerasyon fiti yo kapab sonje yo – epi pa ken plis evidans ke nan Rejyon Capital la. Mwen fyè pou mwen wè Schuyler Flatts ansanm ak Batiman Quackenbush resevwa rekonesans ke yo merite. Mwen remèsye sila yo ki enplike yo pou jefò yo pou revitalize epi renouvle kominote nou yo. Nan Kongrè a, mwen pral kontinye travay pou kapab asire ke nou kontinye sèvi kòm bon jesyonè zòn sa yo."

Senatè Neil Breslin te deklare, "Mwen felisite tout moun ki te enplike nan alafwa Schuyler Flatts Burial Ground ki nan Vil Colonie ak Batiman Quackenbush ki nan Vil Troy, poutèt travay di ak angajman yo pou revitalize pwopriyete respektif yo. Depi 1980 the Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) yo te fè yon travay ekstraòdinè pou idantifye pwojè yo atravè tout eta nou an pou yo prezève epi restore. Prezèvasyon istorik yo bay non sèlman yon lyen a pase nou men tou li ede konstwi yon pon pou fiti nou tou."

John McDonald, ki se Manm Asanble, te deklare, "Felisitasyon a Schuyler Flatts ansanm ak Batiman Quackenbush poutèt yo resevwa Prim Prezèvasyon Istorik Eta New York yo. Reyamenajman Batiman Quackenbush lan se yon ekzanp de yon lòt batiman istorik ki anba lavil Troy ke y'ap revitalize, ki enpòtan anpil nan reyaparasyon pèmanan anba lavil Troy. Mwen fyè pou mwen wè ke yo rekòmanse pote lavi tounen nan sant ibèn nou yo, epi sa se yon investisman benefik pou kominote nou an. Mwen aplodi travay Quackenbush Properties, Tech Valley Center of Gravity, ansanm ak patnè yo nan jefò sa pou kapab prezève istwa rich nou an, pou reyitilizasyon kreyatif espas sa

ki konekte pafètman pase ak fiti. Nou remèsye Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York poutèt yo te rekonèt pwojè sa yo epi poutèt yo te bay kredi enpo istorik yo pou ede reyalize pwojè sa yo.”

Patrick Madden, ki se Majistra Troy, te deklare, “Jefò pou retabli pwopriyete istorik yo tankou Batiman Quackenbush lan ki nan anba lavil Troy, yo enpòtan anpil pou kapab prezève eritaj rich vil nou an ak kwasans ak pwosperite ekonomik k’ap kontinye atravè kominote nou an. Atravè investisman piblik ak prive, ak asistans ki soti nan pwogram federal ak kredi enpo istorik Eta New York lan, Batiman Quackenbush ak Tech Valley Center of Gravity te vin tounen yon santral gwo teknoloji pou pwochèn jenerasyon antreprenè, inovatè, ak jèn konpayi yo. Mwen eksprime apresyasyon mwen pou Gouvènè Cuomo, Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York ansanm ak patnè leta, konte, ak lokal nou yo poutèt angajman yo pou ranfòse kominote yo ak investisman k’ap kontinye fèt yo nan resous istorik inik nou yo.”

Finger Lakes

Eastman Gardens, 800 East Main Street, Rochester

Konstwi orijinalman an 1917 pa fondatè Eastman Kodak la George Eastman, ansyen Eastman Dental Dispensary an te premye lekòl nan peyi a ki te fòme espesyalis ijyèn dantè yo. Gras a asistans investisman prive ak finansman piblik, ki enkli prezèvasyon kredi enpo yo, yo te repare epi modènize batiman enstitiyonèl ki te neglije a pou itilizasyon rezidansyèl kontanporen yo. Pwojè ki te koute plis pase \$20 milyon an te repare eksteryè batiman an, epi li te adapte enteryè li, ki enkli 43 chanm apatman ki a pri abòdab yo, ak nèf chanm ki a pri mache a pou granmoun aje ak moun ki andikape fizikman yo. Konplèks lan ofri bon jan kalite lojman nan sant vil lan, sa ki amelyore lavi abitan lokal yo epi favorize jefò revitalizasyon lokal yo. Pwojè a te finanse adisyonèlman atravè yon patenarya ak Renouvèlman Kay ak Kominote nan Eta New York (New York State Homes and Community Renewal, HCR).

James S. Rubin, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote nan Eta New York, te deklare, “HCR fyè pou li resevwa rekonesans pou devlopman inovatif sa. Eastman Dental Dispensary se yon pati enpòtan nan istwa Rochester an epi yon pati entegrant pou kapab idantifye vwazinaj Marketview Heights yo. Eastman Gardens pral bay lojman sekirize epi ki a pri abòdab pou granmoun aje ki nan zòn nan, epi prezèvasyon achitekti inik batiman an pral kontribiye a yon vwazinaj ki pi dinamik. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, HCR pral kontinye investi nan reyitilizasyon adaptatif batiman istorik ki vakan yo, pou ke nou kapab reyalize pi bon rezilta ki posib yo nan sa ki gen a wè ak bay bon jan kalite lojman ki a pri abòdab epi revitalize kominote yo.”

Wayne Goodman, ki se Direktè Ekzekitif Landmark Society of Western New York, te deklare, “Reyamenajman Eastman Dental Dispensary an se yonn nan pwojè prezèvasyon ki pi enpresyonan ki te janm fèt nan rejyon an. Sa ki te resamman sèlman yon batiman sou lis objektif ‘Senk pou Relanse’ (‘Five to Revive’) òganizasyon nou an, li vin kounye a yon moniman dinamik pou yon vwazinaj an antye.”

Vil New York

Anga 1 ak 2, Floyd Bennett Field, Brooklyn

Pandan plizyè ane, Anga 1 ak 2 nan Floyd Bennett Field nan Brooklyn te rete vakan epi te bezwen reyamenajman. Konstwi an 1931, yo te fè pati yon seri de anga ki te desèvi premye ayewopò minisipal Vil New York lan, ki te pwen depa ak tèminal pou divès vòl avyon entènasyonal ak kontinantal ki te bat rekò. Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, pis ayeryen an te vin tounen yonn nan enstalasyon Marin Etazini (U.S. Navy) ki pi enpòtan yo, ki t'ap transpòte avyon naval yo soti depi nan santral asanble rejyonal yo pou rive West Coast pou deplwaman nan Pacific Theater. Atravè yon patenarya ant Sèvis Pak Nasyonal ansanm ak Williams Companies, yo te restore epi adapte anga yo pou itilizasyon kòm yon estasyon mezi ak regilarizasyon gaz natirèl kòm yon pati nan yon pwojè oleyodik rejyonal. Lokalize nan Gateway National Recreation Area, anga yo se pwopriete ki ap kontribiye nan Floyd Bennett Field Historic District lan.

Joshua R. Laird, ki se Komisè Pak Nasyonal yo nan New York Harbor, te deklare, “Reyamenajman Anga 1 ak 2 nan Floyd Bennett Field se yon pwojè ke nou tout kapab fyè de li. Li se yon bèl ekzanp sou kijan yo kapab itilize patenarya prive ansanm ak kredi bay yo pou kapab prezève kèk nan batiman nou yo ki pi remakab yo. Pwosesis lan te yon patenarya ki te kòmanse ak pwojè lwa a ki nesèsè pou kapab pèmèt pwojè sa vanse devan sou tout wout lan pou rive nan achèyman konstwiksyon an. An plis de remèsye NY SHPO (New York’s State Historic Preservation Office) pou prim sa, nou ta renmen remèsye ekip William lan ansanm ak manm estaf Sèvis Pak Nasyonal yo poutèt jefò kolaboratif yo pou kapab asire prezèvasyon batiman enpòtan sa.”

Mid-Hudson

Kay Gadyen nan Old Croton Aqueduct (Old Croton Aqueduct Keeper’s House), Dobbs Ferry

Atravè yon patenarya ant Pak Eta yo, Zanmi Old Croton Aqueduct yo, ak Stephen Tilly, Achitèk—ak asistans finansman piblik, investisman prive ak volontè k’ap travay di yo, yo te reyamenaje Kay Gadyen nan Old Croton Aqueduct lan pou kapab bay sèvis a vizitè yo ki nan Old Croton Aqueduct State Historic Park. Konstwi nan ane 1850 yo kòm yon pati nan sistèm apwovizyonman dlo Old Croton Aqueduct lan, kay la se yon rezidans kontremèt akwedik rar ki ap siviv sou santye akwedik lan. Kay yo te restore an entèprete istwa sistèm lan, li ofri chanm repo piblik yo, epi bay espas biwo pou manm estaf pak eta yo ak Zanmi Old Croton Aqueduct yo.

Linda Cooper, ki se Direktris Rejyonal pou Rejyon Taconic Pak Eta yo, te deklare,

“Kay Gadyen an se yon eleman ki chanje jwèt la pou Old Croton Aqueduct State Historic Park. Batiman 1857 sa ki te reyamenaje an gen yon ekspozisyon fabile, epi li jere pandan wikenn yo pa volontè ki soti nan kominote a. Li bay yon plas debakeman ki pafè pou vizitè yo pou kapab pran yon poz de pwomnad yo epi aprann pi plis sou Aqueduct lan, ki se yon mèvèy enjenyeri reyèl nan 19^{yèm} syèk lan. Lè nou genyen espas sa, sa pèmèt manm estaf yo soti nan yon karavàn pou antre nan yon biwo pèmanan. Nou ekzòte tout moun pou vin vizite.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418